



Pou Piblikasyon Imedya: 12/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 83 MILYON DOLA POU PWOJÈ ENFRASTRIKTI ESANSYÈL POU DLO NAN TOUT ETA A

*Pwojè yo chita nan reyon Capital District, Finger Lakes, Long Island, Mohawk Valley, North Country, Southern Tier, Lwès New York yo*

*Pwojè dlo potab yo nan Konte Nassau pral okipe nouvo kontaminan nan enstalasyon tretman dlo yo*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse Konsèy Direktè Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation) Eta New York la apwouve plis pase 83 milyon dola pou dlo potab ak pwojè tretman dlo ize toupatou nan Eta New York. Fon an gen ladan sibvansyon, finansman san enterè, ak finansman bon mache ki ofri solisyon ekonomik pou enfrastrikti esansyèl toupatou nan eta a k ap pwoteje oswa amelyore kalite dlo a, sa gen ladan kat pwojè dlo potab nan Konte Nassau ki gen kòm objektif okipe nouvo kontaminan nan plizyè enstalasyon.

"Garanti dlo moun New York yo ap bwè a respekte nòm pwòpte pi wo ki genyen e pase tès estrik se yon responsabilite administrasyon mwen an pran ekstrèmman oserye", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Fon sa a fè pati yon angajman eta a ap kontinye pran pou li garanti nòm sa yo respekte e enfrastrikti pou dlo nou an rete nan tèt nan zafè nouvo kontaminan."

Nòm dlo potab New York yo pou sistèm dlo piblik yo etabli nivo kontaminan maksimòm (maximum contaminant levels, MCLs) 10 pati pa milya (parts per trillion, ppt) yo chak pou asid pèfliyowooktanoyik (PFOA) ak asid pèfliyowooktànifonik (PFOS), ak 1 pati pa milya (1 ppb) pou 1,4-diyoksàn. Nivo PFOA ak PFOS yo nan eta a pi ba lontan pase nivo gouvènman federal la rekòmande yo kounye a ki se 70 ppt. Lè nou etabli nivo pwoteksyon MCLs wo konsa epi egzije pou yo teste ak kontwole tout sistèm dlo piblik yo regilyèman, kèlkeswa gwose yo, sa pral garanti nivo kontaminan yo pa janm monte nan pwèn pou yo lakòz danje pou sante piblik.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal la (Environmental Facilities Corporation, EFC) Maureen A. Coleman te deklare,** "Sa fè EFC plezi pou li pote fon esansyèl sa a pou kolaboratè nou yo nan gouvènman lokal la pou kore pwojè esansyèl yo genyen yo pou enfrastrikti pou dlo. Nou pa ka tann pou nou ede anpil lòt kominote avèk 400 milyon dola sibvansyon pou amelyorasyon

enfrastrikti pou dlo ak enfrastrikti pou dlo minisipal nan kad pi gwo montan 600 milyon dola a yo te mete disponib pou pwojè kalite dlo jan Gouvènè Hochul te anonse li an pandan Semèn Klima a. EFC rete angaje nan jwenn nouvo fason pou ede kolaboratè nou yo antreprann pwojè dlo potab ak dlo ize vital sa yo ki esansyèl pou pwoteksyon sante ak kalite lavi moun New York yo nan ane k ap vini yo."

Apwobasyon Konsèy la kouvri sibvansyon ak finansman ki prevwa nan Lwa sou Amelyorasyon Enfrastrikti pou Dlo a (Water Infrastructure Improvement Act, WIIA) nan kad Fon Renouvlab Eta pou Dlo Pwòp (Clean Water State Revolving Fund, CWSRF) ak Fon Renouvlab Eta a pou Dlo Potab (Drinking Water State Revolving Fund, DWSRF).

**Komisè Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la ak Prezidan EFC a Basil Seggos te deklare,** "Anons sa a souliyen angajman dirab Eta New York la nan ede kominote yo jwenn dlo potab pwòp, ofri prekosyon pou anpeche kontak ak nouvo kontaminan yo, e pi byen pare pou gwo tanpèt ak inondasyon klima chanjan nou an ap alimante yo. Gouvènè Hochul konprann enpòtans pwojè sa yo pou pwoteje sante piblik, epitou nesese pou ede minisipalite yo jwenn resous pou fè investisman ki nesese yo pou modènize enfrastrikti pou dlo a. 83 milyon dola sa yo pral ede kominote yo nan tout eta a amelyore kalite dlo a pou plizyè milyon moun New York nan kominote toupatou nan eta a."

**Komisè Egzekitif Adjwen Enterimè Depatman Sante a (Department of Health, DOH) Kristin Proud te deklare,** "Gwo angajman fiskal sa yo ap ede kominote toupatou nan eta a enstale teknoloji tretman pou pwoteje kalite dlo potab la ak enstale pi bon sistèm septik pou modènize ak amelyore retrè dlo ize a. Pwojè sa yo vital pou kenbe moun New York yo ak anviwònman an, an sante."

**Men pwojè yo apwouve pou resevwa fon yo:**

- **Minisipalite Ellicott nan Konte Chautauqua** - 403,800 dola sibvansyon WIIA pou reyabilitasyon yon rezèvwa dlo 150,000 galon ak modènizasyon ki asosye avè l yo.
- **Distrik Dlo Jericho nan Konte Nassau** - 5,896,770 dola ak 5,560,800 dola sibvansyon WIIA pou de (2) pwojè ki gen ladan yo enstalasyon sistèm tretman avanse pou okipe 1,4-diyoksàn ak nouvo ekipman nan enstalasyon sa yo.
- **Vil Olean nan Konte Cattaraugus** - 911,454 dola sibvansyon WIIA pou chanje apeprè 4,300 pye lineyè kannalizasyon dlo prensipal ak enstalasyon ki asosye avèk yo.
- **Vil Rochester nan Konte Monroe** - 1,560,000 dola sibvansyon WIIA pou enstalasyon yon sistèm pwoteksyon tiyo ak entèkoneksyon pou kannalizasyon transmisyon prensipal ki te la deja yo.
- **Vil Rome nan Konte Oneida** - 3,000,000 dola sibvansyon WIIA ak 13,500,000 dola finansman san enterè akoutèm pou konstriksyon ak enstalasyon yon nouvo rezèvwa dlo ki gen yon kapasite 500,000 galon, ranplasman 75,000 pye lineyè

kannalizasyon dlo prensipal, amelyorasyon nan estasyon ponpaj, ak amelyorasyon elektrik ak nan telemezi.

- **Minisipalite Southampton nan Konte Suffolk** - 1,059,113 dola sibvansyon WIIA pou enstalasyon kannalizasyon dlo prensipal pou pwolonje sistèm distribisyon ki te la deja a.
- **Konsèy Rejyonal sou Zafè Dlo Upper Mohawk Valley (Upper Mohawk Valley Regional Water Board) nan Konte Oneida** - 3,000,000 dola sibvansyon WIIA pou konstriksyon yon kannalizasyon transmisyon prensipal 5,400 pye lineyè pou pote dlo sòti nan Rezèvwa Hinckley a pou rive nan izin tretman dlo a.
- **Vilaj Waverly nan Konte Tioga** - 3,000,000 dola sibvansyon WIIA ak 2,045,455 dola finansman akoutèm ak to mache a pou chanje apeprè 16,000 pye lineyè kannalizasyon dlo prensipal ak vàn, idrat, lateral ak enstalasyon ki asosye avè l yo.
- **Distrik Dlo Westbury nan Konte Nassau** - 7,389,000 dola ak 680,850 dola sibvansyon WIIA pou de (2) pwojè pou enstalasyon sistèm tretman avanse ak nouvo ekipman pou trete konpoze òganik volatil ak nouvo kontaminan.

#### **Pwojè dlo pwòp yo:**

- **Vilaj Bergen nan Konte Genesee** - 256,250 dola sibvansyon WIIA, 393,875 dola finansman akoutèm san enterè, ak 393,875 finansman akoutèm ak to mache a pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon yon sistèm ranmasaj ak amelyorasyon nan izin tretman dlo ize yo.
- **Vil Dunkirk nan Konte Chautauqua** - 11,387,106 dola finansman alontèm san enterè pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon pwojè kontwòl polisyon vil la.
- **Minisipalite Lockport nan Konte Niagara** - 587,500 dola sibvansyon WIIA pou modènizasyon estasyon ponpaj yo.
- **Konte Nassau** - 2,794,688 dola finansman alontèm san enterè pou planifikasyon ak konsepsyon konvèsyon Izin Konwòl Polisyon Dlo Vil Long Beach la an yon estasyon ponpaj epi pou fòse kannalizasyon prensipal la pote dlo ize nan Izin Tretman Dlo Egou Bay Park la.
- **Vilaj Owego nan Konte Tioga** - 175,000 dola sibvansyon WIIA pou modènizasyon izin tretman dlo ize.
- **Minisipalite Seneca Falls nan Konte Seneca** - 2,162,450 dola finansman alontèm san enterè pou reyabilitasyon egou sanitè ak amelyorasyon nan sistèm evakyasyon dlo lapli an.
- **Konte Washington** - 6,549,799 dola finansman alontèm san enterè pou amelyorasyon nan estasyon ponpaj ak rediksyon enfiltrasyon ak flo.
- **Vil Watertown nan Konte Jefferson** - 6,978,406 dola finansman alontèm san enterè pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon modifikasyon pwosesis pou jete labou nan Izin Kontwòl Polisyon Dlo William T. Field Memorial la. Vil la te resevwa tou 742,000 dola finansman alontèm san enterè pou konsepsyon ak konstriksyon ranplasman griy afliyan ak amelyorasyon sistèm pou wete sab yo.
- **Vilaj Yorkville nan Konte Oneida** - 2,736,013 finansman alontèm san enterè pou travay reyabilitasyon egou.

CWSRF ak DWSRF se pwogram debaz finansman EFC a. Avèk patnè li DEC, EFC responsab pou operasyon ak administrasyon CWSRF la. CWSRF la pèmèt EFC ofri finansman san enterè oswa avèk enterè ba ak sibvansyon pou soutni yon varyete pwojè tretman dlo ize ki kalifye. EFC ap opere ak administre DWSRF la menm jan an, avèk kolaboratè li an DOH, pou ofri finansman san entrè oswa ak enterè ba ak sibvansyon pou pwojè enfrastrikti pou dlo potab.

Ane sa a, y ap aksepte demann yo pou 400 milyon dola sibvansyon WIIA ak IMG yo jiska 5:00 p.m. nan lendi 22 novanm. W ap jwenn fòmilè demann yo ak plis enfòmasyon disponib sou sit entènèt EFC a nan [efc.ny.gov](http://efc.ny.gov).

###

Lèt nou vèl ki disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418